

AKU melihat bangkai tikus bergelayut di bibir Ibu, akhir-akhir ini aku melihatnya setiap hari. Aku yang malah terheran-heran kenapa orang-orang tak heran melihat itu. Apa aku berhalusinasi?

Pernah aku menatap Ibu lekat-lekat, sambil memikirkan setiap kalimat yang keluar dari mulut Ibu. Benar bangkai tikus itu bergelayut di bibir Ibu. Kecil sekali, mungkin sejenis celurut, mungil, tapi baunya jangan ditanya, ketika Ibu berbicara, menggerutu bahkan mendeheh pun, busuknya nyata sampai ke hidungku.

Aku tak tahu kapan persisnya bangkai tikus itu bergelayut di sana. Mungkin ketika ibu bicara,"Kok bisa SC, sih, Sita? Kan udah Ibu bilang jangan males, rajin jalan pagi!" Duh, baunya sungguh tengik.

Lamunanku sebentar tadi dibuyarkan oleh tangisan Jingga, anakku. Baru tiga bulan umurnya, selama itu pula Ibu tinggal bersamaku.

"Sita... Anakmu itu, lho, nangis terus." Belum sampai Ibu berjalan menuju kamarku, bau busuk kembali tercium.

Teriakan Ibu kuabaikan, lalu kugendong Jingga hendak menyusuinya. Sebentar saja Jingga tenang, kemudian ia menangis lagi. Kembali kutawarkan ASI, semakin kusodorkan semakin Jingga berteriak kencang. Sebenarnya sudah berulang kali ini terjadi, tapi aku berusaha kuat menyusui Jingga secara langsung, kadang kususui sambil digendong, berbaring, sambil ditimang-timang. Kali ini nihil.

Ibu datang tergesa-gesa membawa dot dan langsung merampas Jingga dari pangkuanku. "Sini! Sama Ibu aja. Kemarin Ibu kasih minum mau. Jingga tu *ndak* kenyang *nyusu* sama kamu, orang kempes gitu, mana ada gizinya."

"Itu air apa, Bu?"

"Teh manis, Jingga suka, kan? Kemarin suka ya, Sayang?" Ibu menimang-nimang Jingga sambil memegang dot yang disedot dengan lahap oleh Jingga.

Sebentar saja teh manis itu sudah

Bangkai Tikus di Bibir Ibu

Cerpen:
Rahma Syukriah Sy



ILUSTRASI JOS

dilahap habis. Ibu menarik ujung dot dari mulut Jingga, tangisannya kembali, mulutnya mencari-cari.

Ibu memberikan Jingga kepadaku, berlalu pergi entah ke mana, lalu secepat kilat datang kembali.

Tampak mulut Ibu bergerak-gerak mengunyah sesuatu, sementara Jingga tangisnya semakin menjadi-jadi. Sambil menggendong Jingga Ibu merapatkan mulutnya pada mulut Jingga. Tangis jingga tenang, lalu ikut pula melumat sesuatu yang diberikan mulut Ibu tadi.

"Itu apa, Bu?"

"*Ndak* usah kaget begitu, ini cuma pisang."

"Ya ampun, Bu. Berapa kali Sita bilang, Jingga baru boleh makan nanti, kalau sudah enam bulan dan teh manis itu..."

Tak mampu lagi aku melanjutkan kata-kata. Ibu bersikukuh Jingga lapar dan haus, dan ASI yang kuberi-kan tidak cukup. Percuma selama ini berdebat tentang teori bingung puting dan MP-ASI dini. Selalu Ibu katakan,"Dulu Ibu selalu begitu, kalian adik beradik baik-baik saja, *ndak* ada yang mati muda."

Orang-orang terheran-heran meli-

hatku tergeletak di lantai bersimbah darah karena berupaya menggunting mulutku sendiri, mereka tak mengerti. Aku tengah mencari-cari bangkai tikus yang sebelumnya melekat di bibir Ibu.

Aku sudah mencarinya di mulut Ibu, memakai gunting bunga, mengoroknya hingga ke pangkal rahang, anehnya bangkai tikus itu tak ada lagi di sana. Jingga masih menangis, Kugendong ia, sementara Ibu terkapar, aku curiga mungkin saja bangkai tikus itu berpindah ke mulut Jingga. Bukankah tadi Ibu menyua-pi pisang yang Ibu kunyah lalu langsung menempelkan mulutnya pada Jingga. Tengah jingga menganga menangis sekuat tenaga, dengan gunting yang sama kucabik mulutnya, mengorek-ngorek lidah mungilnya, kubalik-balik. Tak ada.

Aku curiga, bangkai tikus yang kulihat bergelayut di bibir Ibu, berpindah ke bibirku.

Jatiwaringin, 07 Februari 2022

*) *Rahma Syukriah Sy,*

penikmat puisi dan karya sastra yang menghabiskan hari-hari bermain bersama dua buah hati yang lucu-lucu dan adik-adik di Rumah Belajar Ka Rahma.

Oase

Marwanto

KEKASIH SUNYI

-*umbu landu paranggi*

kau yang singgah di hati
sejatinya tak pernah pergi
pada jejak yang kaulewati
selalu tumbuh puisi

puisi yang tak lekang
dalam genggaman anak zaman
mendadar diri merawat sunyi

sunyi yang menjaga akal sehat
saat bunyi hadir tanpa aransemen
membuat hidup begitu gaduh
bumi keruh langit tak lagi teduh
menjelma jutaan jerit dan laknat
selimut hidup yang permanen

kau yang merawat sunyi

jejakmu akan terus diikuti
oleh para pemeluk sejati

jejakmu akan terus diikuti
tak terbendung tak terhenti

Wisma_Aksara, April 2021

RUMPUT-RUMPUT SUNYI

-*iman budhi santosa*

para pendaki
tak akan pernah lelah
mengantarmu ke rumah abadi
rumah yang membuatmu betah
untuk terus berdendang
bersama ilalang
dan rumput-rumput sunyi

memang di sana pohon menjulang
tapi kau tak pernah mengajarkan
untuk melongok terlalu tinggi
sebelum mencium kaki sendiri

memang di sana hanya rumput
tempat kau berkelana berpagut
bersama angin yang dingin
dari gua garba hingga suara talkin

lalu setelah doa-doa khidmat
kami undur diri untuk permisi
hanya permisi sebentar
bukan sebuah pamit tamat
karena gamit kekasih sejati
tak membuat kita pisah benar

dan di hari-hari yang berat
kami masih perlu puisimu
untuk kencan dengan peradaban
serupa tangan-tangan malaikat
menuntun kami yang gagu
dihantam gemuruhnya angan

dan di antara pohon-pohon menjulang
hanya rumput yang tak pernah tumbang
karena akar lebih kuat dari batang
meski ia tak kuasa menepis takdir
memeluk kesunyian tiada akhir

Makam Imogiri, Desember 2020

MASIH ADA SUNYI

-*emha ainun nadjib*

bila karibmu pergi
kau tidaklah sendiri
masih ada silit sang kiai
bersanding kitab suci

bila silit itu pun tanggal
kau tak akan hilang akal
berlabuh di hati rakyat
yang merindumu sangat

tapi jika suatu saat
rakyat sudah diperalat
tercerabut dari rahim sejati
toh, masih ada sunyi
karibmu di saat sendiri

Wisma_Aksara, 2021

*) *Marwanto, menggiatkan aktivitas sastra di Kulonprogo. Buku puisi karyanya: 'Menaksir Waktu' (2021) dan 'Kita+(Duh)-Kita' (2022).*

MEKAR SARI

GAWEYAN pawon wus dakram-pungke. Aku banjur ngisis ing ngarep omah. Aku lungguh njejeri anakku kang lagi dolanan pasaran. Amarga ing sacedhak omahku akeh wit-witan gedhe, angin kang sumilir nggawa hawa kang seger. Ora krasa, mripat dadi liyer-liyer, ngantuk.

Thuthok, thuthok, thuthok! Dumadakan keprungu swara jaran. Aku mung mbatin, njanur gunung, ana jaran tekan kene. Jebule, jaran kang nggeret andhong mau mandheg ing plataran. Aku ngematke pawongan kang numpak andhong. Kaya-kaya aku wus tau ketemu pawongan mau. Aku gage ngadeg nyedhaki andhong.

Kenya ayu kanthi kulit putih resik kang nyandhing bocah wadon cilik mau mudhun saka andhong. Kenya kuwi nggawa koper gedhe. Dene bocah wadon cilik mau nggendhong boneka. Aku manthuk lan mesem marang dheweke. Dake-ling-eling, sapa pawongan mau?

"Yu Jum, ya?" pitakone kanthi esem kang semanak.

"Ester!" pambengokku ora kalah semanak marang dhayoh saka adoh kuwi.

Ester dakrangkul. Wis luwih 20 tahun aku ora ketemu Ester. Rong puluh tahun kepungkur, bocah kuwi dakmomong saka bayi nganti udakara umur pitung taun. Anggonku mandheg momong Ester amarga aku rabi lan kudu melu bojo menyang Ngayogyakarta nganti seprene.

Ester lan anak wadone dakgandheng mlebu omah. Anakku ngetutake ing mburiku, uga melu mbagekake dhayoh mau. Anakku dolanan karo anake Ester kang aran Elin. Sawise daksuguh wedang lan camilan saanane, Ester lan anake dak aturi ngaso dhisik sinambi nunggu bojoku mulih nyambut gawe.

Ora let suwe, bojoku mulih nyambut gawe. Dakkandhani menawa Ester saka Bogor medhayoh. Bojoku katon bungah banget. Ester mono, putrane mantan majikane bojoku. Wektu semono aku lan bojoku nyambut gawe ana ing daleme Pak Rudi, bapakne Ester. Aku momong Ester lan adhi-adhine. Dene bojoku ngupakara pekarangane kang jembar.

Bojoku nemoni Ester lan anake. Bojoku takon, yagene anggone mara ora karo garwane? Ester mung mangsuli yen bojone sibuk ngurusi bisnis kulawarga. Bojoku mesem lan manthuk-manthuk.

"Iki mengko nginep lho, ya?" kandhaku nyela pancelathon.

"Iya, Yu. Aku arep nginep nang kene dhisik

amarga nggawa bocah cilik," wangsulane

Ester sinambi ngelus-elus rambute Elin.

Kamar kanggo Ester lan anake daksiyapake. Atiku bungah dene kedhayohan anake majikanku mbiyen kang sugih brewu nalika semana.

Awan wus ganti wengi. Aku sakulawarga ngajak Ester lan anake mangan bareng. Sawise rampung mangan diteruske anggone ngomong-omong.

"Yu Jum ora duwe usaha apa bisnis, ya?" pitakone Ester karo ngisik-isik bathuke Elin kang wus mapan turu.

"Usaha apa? Modhale wae ora duwe," wangsulanku karo ngematke bojoku.

"Ngene lho, Yu. Aku duwe usaha dodolan

Dhayoh

Cerkak : Amien Trisunu



ILUSTRASI JOS

barang-barang elektronik, kaya kulkas, mesin cuci, dispenser. Yen Yu gelem, ayo melu gabung usaha kuwi. Omahe Yu rak jembar, dadi isa dinggo gudhang. Mengko barang-barang dakteri saka aku seminggu utawa sesasi pisan. Olehe mbayar, mengko yen Yu wis kepayon anggone dodolan. Ya idhep-idhep kuwi mau daknggo males kabecikane Yu sakulawarga marang aku."

Aku mesem kanthi rasa bungah. Bojoku uga katon seneng. Aku mbayangke yen aku bakal dadi juragan, dodolan barang-barang elektronik ing omah. Mesthi kuwi mau bakal gawe uripku luwih apik tinimbang saiki kang ngandelke saka gaji wulanan. Arep tuku montor wae ndadak nyelengi pirang-pirang taun suwene.

Aku lan bojoku sarujuk marang kandhane Ester mau. Ester uga katon seneng. Dheweke ngajari cara-carane dodolan. Ora krasa, wayahe wus ngancik jam sewelas wengi. Ester dakkon ngaso.

Kukuruyuuk! Kukuruyuuk! Jago wis klu-

ruk saut-sautan. Aku menyang pawon kanggo nyiapke sarapan.

"Yu, aku mengko jam pitu kudu mulih," Ester nyusul aku menyang pawon.

"Lha, kok kesusu. Dakkira isih sesuk-sesuk," wangsulanku sinambi ngrajang brambang.

"Iya, Yu. Lha iki wus ditilpun bojoku kon lek bali," kandhane karo ngudhak -udhak jangen kang daktumpangke ing kompor.

Aku lan bojoku gage menyang pasar tuku oleh-oleh kang bakal dak gawakke Ester. Sawise seka pasar, kabeh padha sarapan. Sawise sarapan, Ester lan anake pamitan. Aku nguntapke pamite Ester ing plataran.

"Yu, sesuk Setu, kulkas lan mesin cuci dakkirim sepuluh iji sik, yo!" kandhane Ester nalika salaman.

Aku manthuk seneng. Ester lan anake diboncengke bojoku menyang terminal. Sapungkure Ester, aku ngresiki omah kang bakal dadi gudhang barang-barang elektronik. Kaya kandhane Ester, ruwangan ngomah dakdadekake kaya toko. Ana papan kanggo kasir, papan kanggo majang barang, lan papan kanggo gudhang.

Dina-dina lumaku kaya biyasanane. Aku ora sabar tumekane dina Setu. Saka esuk aku wus wira-wiri. Yen ana mobil liwat, atiku maktratab. Nganti bojoku mulih nyambut gawe, durung ana barang-barang elektronik kang teka. Daktunggu nganti sore, bengi, barang kang ditunggu uga ora teka. Aku tilpun Ester. Nomer tilpun mau ora aktifp.

Atiku dheg-dhegan. Daktunggu nganti esuk candhake. Ester ora ana kabare. Nomer tilpune ora tau aktifp.

Awakku dadi lungkrah. Apa Ester wus ngapusi aku? Wengi kuwi nalika dheweke ngajari carane dodolan, aku kudu ndhaptar kanggo gabung usahane mau. Aku kudu cucul dhuwit limang yuta. Ndilalah bojoku nyekel dhuwit limang yuta, dhuwit celen-gane pirang-pirang taun kang arep nggo tuku montor. Dhuwit mau dak wenehke Ester wengi kuwi.

Rasa lungkrah lan kuciwa tansaya tandhes nalika dak tunggu nganti sesasi. Barang elektronik ora dikirim. Nomere Ester ora aktif. Aku ngudarasa, yagene Ester, kowe biyen dakmomong supaya dadi bocah kang apik, bocah kang jujur. Apa salahku biyen, dene kowe arep males kabecikan kanthi apus-apus? Dhuh, Gusti Allah paringana pangapura dhateng kula! Wengi-wengi sabanjure, aku mung pasrah marang Gusti Allah. □

Geguritan

Ardini Pangastuti

MENDHUNG

Geneya kowe wedi marang mendhung?
kamangka kowe ngerti manawa mendhung bakal ngutahake udan
aweh kesuburan
nelesi lemah-lemah bera
nelesi sawah-sawah nela
Geneya kowe sengit marang mendhung?
yen salugune kowe ngerti manawa mendhung
mung saderma nindakake kuwajibane
ora beda aku lan kowe
mung sadema nindakake jejibahan
kang kudu kaemban
Alam tansah aweh sasmita
pralampita kang trawaca
aku, kowe bisa sinau saka kana
lan...

mendhung kang nutupi nala
salugune uga bisa dadi sarana berkah
sauger aku, kowe, ngerti carane ngemonah

Bangunjiwo, 23 Februari 2022

TEPA SELIRA

Ing madyaning bebrayan Jawa
Kang tansah nengenake laku utama
Tepa selira
Ngajeni marang sapepadha
Mong-kinemong
Tulung-tinulung
Apa isih bisa anjiwani laku urip sadina-dina?

Ing satengahe owah gingsire jaman
Laku urip rasane uga saya adoh saka tuntunan
Ilang sopan santun
Dadi sapa sira sapa ingsun
Wingka katon kencana
Kencana katon wingka
Nalika mripat wis ora bisa nyawang kanthi trawaca
Amarga blereng karo gumebyare donya
Ah, apa iya tepa selira kuwi mung bakal kari crita?

Muga-muga isih ana sunaring cahya kang ngrenggani ati
Isih ana urubing nurani
Kang tansah aweh pepadhang ing remenge jaman
Nalika candhala disubya-subya
Kabecikan disingkang-singkang
Muga-muga sihing Gusti tansah memayungi
Tetep ana titah-titah kang preduli
Melu urun nyikapi kahanan
Nyebar winih-winih kautaman
Muga-muga ing titi wancine, kautaman bali anjiwani bumi iki
Tepa selira bali kapatri ing saben ati

Bangunjiwo, 23-2-2022